



## Règ ak Kondisyon pou Pèmi

### Enfòmasyon Jeneral:

Si ou ta renmen òganize nenpòt aktivite nan yon pak ki nan Battery Park City avèk 20 moun oswa plis, epi/oswa si ou ta renmen rezève yon sèten zòn nan yon pak, ou dwe aplike pou yon Pèmi nan Battery Park City Authority ("BPCA"). Ou kapab jwenn aplikasyon pou Pèmi yo sou sitwèb [www.banca.ny.gov](http://www.banca.ny.gov). Ou dwe soumèt tout aplikasyon ou ranpli yo, ansanm ak frè ak/oswa depo ki ka obligatwa yo, ba BPCA, Attn: Permit Office, 200 Liberty Street, 24th Floor, New York, NY 10281. Moun ki aplike yo ka imèl yon kopi tou ba [permits@bpca.ny.gov](mailto:permits@bpca.ny.gov). Nou bezwen omwen yon minimòm 21 a 30 jou ouvrab pou nou travay sou yo epi n ap travay sou yo sou yon baz "premye vini, premye sèvi". Tanpri planifye dapre enfòmasyon sa a. Tout evènman yo egzije pou gen Sètifikasi Asirans pou Responsabilite, ansanm ak nenpòt travay konstwiksyon. Asirans pwopriyetè kay yo akseptab. Asirans pou responsabilite dwe pou yon kantite lajan ki pa piti pase \$1 milyon dola epi non BPCA kòm "moun ki gen sètifikasi a" ak BPCA, Battery Park City Parks Conservancy ("BPCPC"), ak Vil ak Eta New York kòm moun ki gen "asirans siplemantè". Nou aksepte peman yo sou fòm chèk labank oswa chèk postal (money order). Chèk apa yo obligatwa pou evènman ki gen yon depo. Nou pa aksepte lajan kach. *Okenn pèmi, frè oswa sètifikasi asirans pou responsabilite pa obligatwa pou anivèsè nesans/piknik pou gwooup ki gen mwens pase 20 moun.*

Sonje, pou itilize teren boul yo, kontakte Kowòdonatè Teren Boul an nan [ballfields@bpca.ny.gov](mailto:ballfields@bpca.ny.gov) nan Battery Park City Authority pou fè aranjman an.

### Lòt Kondisyon pou Sèten Kalite Pèmi

**Evènman Lajounen sou Teren:** Evènman Lajounen sou Teren òganize nan teren boul BPC, epi apre moun yo ka manje nan Rockefeller Park. Yon pèmi BPCA obligatwa pou manje nan Rockefeller Park.

**Itilizasyon Teren pou Jwe:** Moun ki gen laj 12 zan ak pis ka antre sou teren jwèt yo sèlman lè yo akonpaye yon timoun. Nou pa aksepte moun filme, fèt foto, fè video, oswa fotografi nan teren jwèt la okenn moman, sof si gen lòt endikasyon sou pèmi nou bay la. Nou entèdi sevèman tout lòt evènman nan teren jwèt timoun yo.

**Maraton Mach ak Kous (7:00a.m - 1:00p.m SÈLMAN):** Tanpri sonje tout Mach/Kous nan Battery Park City egzije pou gen lòt otorizasyon Brookfield Properties ("Brookfield") paske evènman sa yo pase nan "Brookfield Place Lower Plaza" (ki apeprè paralèl avèk pwent lès North Marina) ki anba operasyon ak kontwòl Brookfield. Moun ki aplike yo dwe kontakte Aaron Miller, [aaron.miller@brookfield.com](mailto:aaron.miller@brookfield.com) pou yo jwenn pèmisyon an tou. Kantite tan maksimòm nou aksepte pou nenpòt evènman konsa se sis (6) èdtan, tankou preparasyon, demontaj, ak netwayaj. Nenpòt estrad pwovizwa pa dwe pi wo pase kat (4) pye ak 32 pye kare nan sipèfisi total. Yon evènman ka gen ladan jiska de (2) tant (10x10 oswa 4x4), ki sipòte avèk sak sab sou sifas di yo sèlman. N ap aksepte tab yo an pwopòsyon parapò avèk kantite moun ki nan gwooup la avèk yon maksimòm uit (8). Ou kapab mete bandwòl sèlman ant de (2) poto lou ki pa antre nan sòl la nan oswa sifas di. Nou aksepte mikwofòn pòtatif. Nou pa aksepte son amplifye, men nou aksepte yon ti sistèm PA avèk yon ti dèlko. Nou pa aksepte okenn kalite kab, kòd, sipò pou mare, drape oswa sipòte oswa nou pa aksepte ekipman nan pyebwa oswa ti pyebwa yo, nou pa aksepte ou mete siy direksyon. Nou pa aksepte ou mare oswa tache anyen nan nenpòt eleman achitekti oswa estati, eskilpti oswa fontèn, nou pa aksepte ou mete portosans nan pak

la. Òganizatè evènman an dwe bay sache resiklaj ak sache fatra pa yo epitou yo responsab pou fè netwayaj, pou mete pak la nan eta li te ye anvan, epitou pou yo ranmase fatra yo pandan ak apre evènman an. Si ou pa kapab bay enèji pa ou, BPCPC ka bay enèji pou yon frè siplemantè. Peman sa a ta apa avèk lòt frè (yo). Ou dwe fè peman sa a avèk chèk oswa chèk postal (money order) ki dwe ekri sou non BPCPC. Se responsablite moun ki gen pèmi an pou li asire li retire tout ekipman lokasyon an nan pak la anvan li kite espas la. Gen lòt frè moun ou ka peye pou aranjman dapre kantite patisipan yo. Ou ta dwe kite tout zòn yo nan eta yo ou te jwenn yo. Gade Kondisyon Jeneral pou Asirans pou Responsablite.

**Anivèsè Nesans/Piknik (4.5 èdtan ki gen ladan preparasyon, demontaj oswa separasyon):** Ou dwe prepare tout manje yo davans. Nou pa aksepte asyèt an vè oswa resipyen an vè. Nou pa aksepte okenn griy babikyou ak/oswa itilizasyon sternos ki fonksyone avèk alkòl, dekorasyon, siyalizasyon an fòm sèvolan, balon, piñatas oswa itilizasyon nenpòt atik ki ta lakòz netwayaj fatra, pou kite manje/fatra sou gazon an oswa pave a. Nou pa aksepte moun jwe foutbòl, voye balon oswa mote planch-sou-woulèt nan pak la. Si gen livrezon manje k a fèt, se moun ki gen pèmi an ki dwe retire tout bwat yo. Moun ki gen pèmi an ap bay sache fatra ak sache resiklaj pa li, epi yo dwe fè netwayaj pandan ak apre evènman an, avèk poubèl nou bay nan zòn nan. Nou aksepte tab ak chèz sou sifas di yo **sèlman**, pa sou gazon an oswa nan sòl la. Moun ki gen pèmi an dakò pou okenn pòsyon pak la oswa gazon an p ap fèmen pouiblik la pandan evènman an. Moun ki gen pèmi an dakò pou respekte dwa iblik la pou yo gen aksè nan tout zòn pak la pandan evènman an. Moun ki gen pèmi an dakò pou li pa itilize okenn objè boza nan pak yo oswa pou li pa pran kontak avèk okenn. Moun ki gen pèmi an ap kite zòn kote li ye a nan bon eta. Moun ki gen pèmi an dwe bay sache fatra ak sache resiklaj pa li, epi li dwe fè netwayaj pandan ak apre evènman an, avèk poubèl nou bay nan zòn nan. *Ou pa bezwen pèmi, ou pa bezwen peye frè, oswa ou pa bezwen asirans pou responsablite pou fete anivèsè nesans ak piknik pou gwoup moun ki gen 20 moun oswa mwens.* Gade Kondisyon Jeneral ki endike anwo a.

**Lekòl Leta Vil New York (4.5 èdtan ki gen ladan preparasyon, demontaj oswa separasyon):** Tout lekòl yo dwe soumèt yon lèt konpansasyon avèk aplikasyon pou pèmi yo. Ou kapab jwenn lèt sa a nan Depatman Edikasyon (Department of Education, "DOE") Vil New York, epi ou dwe konpanse BPCA, BPCPC, ak Eta New York pou nenpòt chòk akòz negligians. Anjeneral, direktè ak/oswa kowòdonatè lekòl la mande lèt sa a, epi lèt la ta dwe gen ladan non lekòl la, moun pou kontakte, dat evènman an, ak non pak/kote evènman an ap fèt nan Battery Park City. Ou ka kontakte DOE nan adrès imèl [rlopez6@schools.nyc.gov](mailto:rlopez6@schools.nyc.gov). BPCA egzije pou elèv yo akonpaye avèk pwopòsyon ekip pou elèv ki endike anba la a: yon adilt pou chak 10 timoun. Moun ki aplike/òganizatè evènman an dwe bay sache fatra ak sache resiklaj pa yo, epi yo dwe fè netwayaj apre evènman an, avèk poubèl nou bay nan zòn nan. Evènman nan pak BPC yo GRATIS pou Lekòl Leta Vil New York yo.

**Lekòl Prive ak òganizasyon non-komèsyal yo (4.5 èdtan ki gen ladan preparasyon, demontaj oswa separasyon):** Lekòl prive yo ak òganizasyon non-komèsyal yo dwe bay yon sètifica asirans pou responsablite pou yon kantite lajan ki pa depase \$1,000,000 dola pou chak evènman avèk aplikasyon pou pèmi yo (gade "Kondisyon Jeneral" ki endike anwo a). Òganizasyon non-komèsyal yo dwe bay yon kopi lèt detèminasyon IRS òganizasyon yo ak yon kopi fòm egzanpsyón fiskal 501(c) (3) yo. Òganizatè evènman an dwe bay sache fatra ak sache resiklaj pa yo, epi yo dwe fè netwayaj apre evènman an, avèk poubèl nou bay nan zòn nan. Evènman yo GRATIS pou Lekòl Prive yo. Nou ka anile yon pati nan frè a oswa tout frè a pou Òganizasyon non-komèsyal yo selon jijman BPCA.

**Kandete, Jounen sou Teren ak Evènman Espòtif:** Tout kandete yo, jounen sou teren ak evènman espòtif yo òganize nan teren boul yo. Tanpri kontakte Freddy Belliard nan adrès imèl [ballfields@bpca.ny.gov](mailto:ballfields@bpca.ny.gov) nan Battery Park City Authority pou fè aranjman epi pou jwenn yon pèmi. Nou pa aksepte manje sou teren boul yo. Òganizasyon an oswa gwoup la ka ale nan Nelson A. Rockefeller Park pou yo manje annapre. Yon pèmi obligatwa pou manje nan Rockefeller Park. Ale sou sitwèb [www\\_bpca.ny.gov](http://www_bpca.ny.gov) pou jwenn yon aplikasyon pou pèmi.

**Pèmi pou Seremoni Maryaj/Foto Maryaj (3 èdtan):** Nou pa aksepte dekorasyon, siyalizasyon oswa resepsyon. Nou pa aksepte alkòl, kolasyon oswa bwason. Nou pa aksepte estrikti, tankou men pa sèlman tant, otèl, sipò-jenou, tab. Nou pa aksepte chèz sof si sa endike nan pèmi an. Nou aksepte chupph. Nou pa aksepte son amplifye, balèn, balon, diri, nouy diri, grenn pou zwazo, plantè, konfeti, tant, riban, atik sanblab, oswa itilizasyon nenpòt atik ki ta lakòz netwayaj fatra, oswa nou pa aksepte ou kite manje. Yon foto ki montre kote ou vle a (yo) obligatwa avèk aplikasyon an. Òganizatè evènman an dwe bay yon sètifica asirans pou responsablite ak yon lis ekipman kamera, tankou trepye. Gade kondisyon jeneral yo.

**Film Komèsyal, Televizyon, Videyo, Kapti Imaj ak Fotografi:** 1) Ou dwe bay aplikasyon yo omwen twa (3) semèn anvan pou fasilité bon jan aranjman. Men, n ap travay avèk manadjè espas yo. Aplikasyon yo ta dwe endike pozisyon tounaj la avèk foto ki tache ladan, non pak la nan Battery Park City avèk yon deskripsyon film nan, videyo a oswa kapti imaj la ak/oswa fotografi a, ak enfòmasyon asosye, tankou patisipan, sa ki siplemantè, yon lis TOUT ekipman an, tankou trepye (yo), teknokràn (yo) si genyen, vilaj videyo, tant, tab, chèz, sofa, veyikil si li fè pati sèn nan, elatriye. 2) Si nou apwouve ou, n ap fè yon vizit pwograme nan espas pou nou diskite sou mwayer lojistik yo. 3) Yon depo pou yon total \$5,000 dola obligatwa. Nou pa aksepte okenn kalite kab, kòd, sipò pou mare, drape oswa sipòte oswa nou pa aksepte ekipman nan pyebwa yo oswa nan ti pyebwa yo, nou pa aksepte pano direksyon pou pozisyon filmaj yo, nou pa aksepte ou itilize son amplifye/pwodiksyon videyo mizik ki gen son andirèk san apwobasyon davans pou tchèk son pou volim, nou pa aksepte ou mare oswa tache anyen nan eleman achitekti, estati, eskilpti, fontèn yo oswa nou pa aksepte ou mete portosans nan Pak la. Ou ta dwe re-mete tout zòn yo nan eta ou te jwenn yo. Gade Kondisyon Jeneral ki endike anwo a pou asirans lan.

**Filmaj Komèsyal nan Irish Hunger Memorial:** Tout aplikasyon pou fè filmaj komèsyal, videyo, ak kapti foto, fotografi/fotografi kapti nan Irish Hunger Memorial dwe akonpaye avèk apwobasyon ekri Brian Tolle, Atis Konsepsyon an. Tanpri kontakte Mesye Tolle nan nimewo [917.519.6620](tel:917.519.6620) pou jwenn plis enfòmasyon. Lè ou jwenn apwobasyon Mesye Tolle, ou dwe soumèt yon kopi apwobasyon an ansanm avèk aplikasyon pou pèmi ou ba BPCA, Attn: Nidia Reeder, 200 Liberty Street, 24th Floor, New York, NY 10281. Moun ki aplike yo ka imèl yon kopi tou ba BPCA nan adrès imèl [nidia.reeder@bpca.ny.gov](mailto:nidia.reeder@bpca.ny.gov) or [permits@bpca.ny.gov](mailto:permits@bpca.ny.gov). Gade Kondisyon Jeneral ki endike anwo a pou kondisyon asirans lan.

**Sou Travay Konstwiksyon nan Chantye/Pakin Veyikil:** Gen yon frè \$150.00 pou peye pou nou travay sou dosye a. Moun ki aplike epi ki bezwen kalite pèmi sa a pou yo fè travay pou BPCA ak/oswa BPCPC dapre yon kontra valab avèk BPCA ak/oswa BPCPC ka mande yon egzanpsyon nan frè pou nou travay sou dosye a. Si se sa, tanpri bay nimewo kontra a ak non Manadjè Pwojè BPCA ak/oswa BPCPC sou aplikasyon an. Pou tout lòt demann yo, frè a, aplikasyon pou pèmi an (ansanm ak mak/modèl, non chofè ak nimewo plak (yo) veyikil k ap antre nan pwopriyete BPCA), ak yon sètifica asirans pou responsablite obligatwa. Ou dwe kite zòn kote ou ye a nan bon eta. Gade Kondisyon Jeneral ki endike anwo a pou kondisyon asirans lan.



**Lòt Travay Konstwiksyon avèk Chanjman Estriktirèl:** Tout travay ki pwopoze a dwe respekte tout règ ak règleman ki anvigè pou tout ajans Vil la ak ajans Eta a ki gen otorite, tankou, men pa sèlman, Kòd Konstwiksyon Vil New York, Kòd Ponpye Vil New York, Rezolisyon Zonaj Vil New York ak modifikasyon ladan yo. Ou dwe jwenn apwobasyon ajans sa yo anvan kòmansman travay la. Lè ou jwenn apwobasyon an, ou dwe bay kopi pèmi sa yo (DOB, DOT, elatriye) ak chema konfigirasyon an/desen pou BPCA pou nou travay sou pèmi travay BPCA. Gade Kondisyon Jeneral ki endike anwo a pou kondisyon asirans lan.

**Kapti Imaj/Filmaj Elèv (4 èdtan):** Tout elèv ki aplike pou pèmi sa a dwe soumèt yon lèt sou papye antèt ofisyèl lekòl la ak/oswa pwofesè ki eksplike travay la, yon kopi ID foto moun ki aplike yo, non pwofesè k ap anplas la, foto (yo) kote yo vle filme a ak yon kopi sètifikasi asirans lekòl la pou responsabilite (gade Kondisyon Jeneral yo anwo a). Moun ki aplike/a/organizatè evènman an dwe bay sache fatra ak sache resiklaj pa li, epi li dwe fè netwayaj pandan ak apre evènman an, avèk poubèl nou bay nan zòn nan. Ou dwe kite espas la nan bon eta. Gade Kondisyon Jeneral la pou asirans lan.

**Pèmi pou Volebòl (90 minit pou chak match):** Asirans pou responsabilite obligatwa pou tout match volebòl kèlkeswa kantite patisipan yo. Moun ki aplike a/organizatè evènman an dwe fè netwayaj apre evènman an avèk poubèl nou mete nan zòn nan. Gade Kondisyon Jeneral la pou asirans lan.

**Evènman Òganizasyon non-komèsyal:** Nou ka anile yon pati nan frè yo oswa tout frè a pou evènman komemorasyon oswa seremoni pou òganizasyon non-komèsyal. Men, si yon evènman pwopoze aktivite k ap gen depans siplemantè pou antretyen oswa sekirite, BPCA gen dwa pou egzije yon frè pou touche lajan pou depans sa yo. Òganizasyon non-komèsyal yo dwe bay yon kopi lèt detèminasyon IRS òganizasyon yo ak yon kopi fòm egzanpsyón fiskal 501(c) (3) yo pou nou konsidere yo. Gade kondisyon jeneral la pou asirans lan.